

# Kesyon Moun Poze Souvan sou Rekòmansman Operasyon Teren Resansman 2020 an

## POUKISA NOU AP REPRANN AKTIVITE NAN KÈK ZÒN KOULYE A?

Biwo Resansman Etazini a pran konsèy nan men fonksyonè lasante nan nivo federal, eta (state), ak lokal epi machaswiv Relouvri Etazini (Opening Up America Again) a nan <[www.whitehouse.gov/openingamerica](http://www.whitehouse.gov/openingamerica)> epi li detèmine ke li san danje pou yo reprann operasyon Resansman 2020 an yo nan yon fason pwogresif nan kèk zòn nan peyi a. Aprè yon revizyon apwofondi, lidè ki responsab operasyon Biwo Resansman an yo evalye ke li san danje pou anplwaye nou yo ak pou gran piblik la pou rekòmanse operasyon nan deseri zòn byen chwazi. Anplwaye ap resevwa fòmasyon epi yo ap ekipe pou ede nou pwoteje tout moun pandan n ap ranpli obligasyon konstitisyonèl nou pou konte popilasyon Etazini a.

## KI OPERASYON KI AP REPRANN?

Manm pèsonèl teren resansman an ap reprann livrezon kesyonè resansman epi reprann pwosesis pou pran anprendijital ak angaje novo anplwaye, kote ki san danje pou yo fè sa.

- Nan deseri zòn byen chwazi, Biwo Resansman an ap reprann operasyon ki rele Kite / Mizajou. Operasyon sa a fèt nan tout Pòtoriko ak nan zòn anndan peyi a kote majorite kay yo pa resevwa lèt nan kay yo. Manm pèsonèl teren resansman yo fè sondaj nan zòn nan pou yo gade kote

moun abite epi yo konpare sa yo wè a ak lis adrès nou genyen; yo itilize yon laptòp pou verifye, koriye, efase, oswa ajoute adrès; epi yo depoze yon envitasyon resansman ak kesyonè devan pòt devan an.

- Nan eta (state) kote nou kòmanse operasyon Kite / Mizajou a, manm ekip Biwo Resansman yo ap reprann aktivite anprendijital pou novo anplwaye pou yo ka fè pwosesis jwenn travay la avanse pou moun ki aplike yo.

## KIBÒ OPERASYON YO AP REPRANN?

Operasyon Resansman 2020 yo ap reprann nan zòn nan peyi a ki ranpli kritè Biwo Resansman an ki baze sou machaswiv federal, eta (state), ak lokal. Yon lis zòn ak kote ke yo mete ajou regilyèman disponib nan <<https://2020census.gov/en/news-events/operational-adjustments-covid-19.html>>.

## KIJAN NOU FÈ POU DETÈMINE KIBÒ POU N REPRANN AKTIVITE?

Lidè Biwo Resansman an yo ap deside kibò pou yo reprann operasyon selon machaswiv sante piblik federal, eta (state), ak lokal, kondisyon lokal, epi ak lide otorite lokal yo bay. Lidè operasyonèl Biwo Resansman an ki plen esperyans ap evalye kondisyon operasyonèl nan eta (state), lokal, ak zòn tribi yo, epi ak kapasite manm ekip Biwo Resansman an yo pou reprann operasyon yo san danje nan zòn sa yo.

Branche avèk nou:

@uscensusbureau

Pou plis enfòmasyon:

**2020CENSUS.GOV**

D-FS-GP-EN-028

Shape  
your future  
**START HERE >**

United States®  
**Census**  
**2020**

## KIJAN NOU AP FÈ POU N PWOTEJE ANPLWAYE AK PIBLIK LA?

Pandan operasyon Resansman 2020 an yo ap reprann, Biwo Resansman an ap entegre konsèy ki pi resan ki soti nan nivo federal, eta (state), ak lokal pou ankouraje sante ak sekirite gran piblik la ak anplwaye nou yo. Nan menm liy ak konsèy federal, eta (state), ak lokal, Biwo Resansman an ap bay kachne ak gan pou anplwaye yo mete. An plis, nou ap bay anplwaye yo dezenfektan pou men yo. Manm pèsonèl teren yo ap fini yon fòmasyon sou entènèt sou COVID-19 pou asire ke yo respekte pwotokòl distansyasyon sosyal ki apwopriye ansanm ak tout konsèy apwopriye sou sante ak sekirite.

## KILÈ NOU AP REPRANN AKTIVITE NAN LÒT ZÒN NAN PEYI A?

Chak semenn, Biwo Resansman an ap detèmine ki biwo ki ka rekòmanse operasyon yo epi li ap enfòme piblik la nan <<https://2020census.gov/en/news-events/operational-adjustments-covid-19.html>>. Si sitiyasyon yo chanje, Biwo Resansman kapab fè yon kanpe sou travay nan kèk zòn pou yo ka pwoteje sante ak sekirite anplwaye nou yo ak piblik la.

## KIJAN PIBLIK LA AP FÈ KONNEN KE MANM EKIP RESANSMAN YO AP RETOUNEN NAN ZÒN NAN?

Biwo Resansman an fè plan pou yo alète piblik la, manm ekip nou yo, fonksyonè ki eli yo, otorite lokal ki fè respekte lwa yo,

patiprenant enpòtan yo, ak laprès lokal chak vandredi sou kibò manm ekip resansman an yo ap reprann travay nan semèn ki ap vini a. Nou ap mete ajou lis ajistab zòn ak kote yo nan <<https://2020census.gov/en/news-events/operational-adjustments-covid-19.html>>.

## KILÈ NOU AP REPRANN LÒT OPERASYON TEREN RESANSMAN 2020 AN YO?

Lòt operasyon Resansman 2020 an yo ap reprann oubyen kòmanse selon jan sitiyasyon yo pèmèt. Biwo Resansman an ap kontinye siveye kondisyon ki ap chanje nan nivo eta (state) ak lokal epi evalye kilè lòt operasyon ka kòmanse nan yon fason pwogresif. Biwo Resansman an ap kontinye bay dènye nouvèl nan <<https://2020census.gov/en/news-events/operational-adjustments-covid-19.html>>.

## KISA SA VLE DI POU MOUN KI TE NAN PWOSESIS POU YO ANBOCHE NAN KAD DJÒB RESANSMAN 2020 AN YO?

Biwo Resansman an ap pran konsèy nan men fonksyonè lokal yo konsènan repriz aktivite anprent dijital pou kontinye fè pwoesisi jwenn travay la avanse pou moun ki te aplike yo. W ap jwenn plis enfòmasyon nan <<https://2020census.gov/en/jobs.html>>.

Branche avèk nou:

@uscensusbureau

Pou plis enfòmasyon:

**2020CENSUS.GOV**

D-FS-GP-EN-028

Shape  
your future  
**START HERE >**

United States®  
**Census**  
**2020**